

Asistans Reyanplwa Florid:

Etap pou Resevwa Peman

1. Depoze Reklamasyon w la

- Pou depoze oswa ranpli aplikasyon pou Asistans Reyanplwa w la, ale nan [Floridajobs.org](https://www.floridajobs.org) epi klike sou depoze yon reklamasyon.
- Yon fwa w fin voye aplikasyon w lan sou papye oswa sou Entènèt, FloridaCommerce ap voye ba ou yon notifikasyon atravè imèl oswa lapòs avèk enstriksyon ki eksplike kijan pou w konekte sou Reconnect epi kijan pou kontinye ak reklamasyon w la.

2. Verifikasyon

- Pandan pwosesis verifikasyon* an, FloridaCommerce pral konfime idantite w epi yap mennen ankèt sou si w te resevwa salè nan men ansyen anplwayè w la. FloridaCommerce pral tcheke tou si w te ranpli yon reklamasyon pou chomaj nan yon lòt eta.

*Yon reklamasyon "verifye" se lè FloridaCommerce konfime idantite yon moun atravè Administrasyon Sekirite Sosyal epi yo verifye ke reklaman an (a) te resevwa salè nan Florid epi (b) li pa resevwa salè nan lòt eta.

3. Detèminasyon Monetè

- Depi enfòmasyon w yo kòrèk epi FloridaCommerce fin verifye reklamasyon w lan, FloridaCommerce ap detèmine si w kalifye pou resevwa benefis yo ak ki kantite lajan wap kalifye pou resevwa.
- FloridaCommerce ap fè w konnen si w kalifye ak ki kantite benefis ou kalifye pou w resevwa.
- Anplis de notifikasyon FloridaCommerce a, Bwat resepsyon Reconnect la pral founi enfòmasyon sou detèminasyon FloridaCommerce te pran sou kalifikasyon reklaman an.
- Si yon reklaman oswa yon anplwayè pa dakò ak detèminasyon FloridaCommerce a sou kalifikasyon anplwaye a, reklaman an oswa anplwayè a ka depoze yon apèl kont detèminasyon an.

4. Resevwa Peman

- Ou pral resevwa peman w yo atravè depo dirèk oswa dapre kat prepeye ou te chwaz a.

